


# Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas 3 Ane

## Miltiplikasyon kòm yon Tablo avèk Divizyon

Chè Fanmi,

Nou ap kòmanse yon nouvo inite etid ki rele *Miltiplikasyon kòm yon Tablo avèk Divizyon*. Nan inite etid sa elèv ap kontinye travay avèk miltiplikasyon epi itilize tablo pou rezoud pwoblèm miltiplikasyon. Elèv pral devlope yon konpreyansyon kote yo pral itilize divizyon pou separe yon kantite nan gwoup egal. Elèv pral pratike resite lè pi prè minit. Alafen Klas 3 Ane, nou espere ke elèv konnen epi itilize tout konbinezon miltiplikasyon pou nenpòt de nonb a yon-chif. Objektif enstriktif espesifik elèv pral travay sou li yo nan lis anba avèk ekzanp travay elèv la ki montre konpreyansyon nan chak objektif enstriktif.


**Objektif Enstriktif:** Reprèzante epi rezoud sitiyasyon sou miltiplikasyon ak divizyon epi eksplike estrateji ki itilize.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv	
Kafeterya genyen 4 ranje tab. Genyen 5 tab nan chak ranje. Konbyen tab ki nan kafeterya?		$4 \times 5 = 20$ <p>“Mwen trase yon tablo pou reprezante 4 ranje tab yo ak 5 tab nan chak ranje yo. Mwen konte pa 5 4 fwas pou m rive sou 20.”</p>
Gen 12 boul tenis. Gina vle mete 3 boul tenis nan chak resipyan. Konbyen resipyan Gina kapab ranpli?	<p><u>Adisyon Repete</u></p> $12 \div 3 = ?$ $3 + 3 + 3 + 3 = 12$ $12 \div 3 = 4$ <p>“Chak resipyan pral kenbe 3 boul tenis, ebyen mwen adisyonne 3 kat fwa li banm 12.”</p>	<p><u>Soustrasyon Repete</u></p> $12 \div 3 = ?$ $12 - 3 = 9$ $9 - 3 = 6$ $6 - 3 = 3$ $3 - 3 = 0$ $12 \div 3 = 4$ <p>“I subtracted 3 from 12 four times to get to 0.”</p>
	$12 \div 3 = ?$ $3 \times 3 = 9$ $1 \times 3 = 3$ $12 \div 3 = 4$ <p>itilize Konbinezon Miltiplikasyon</p> <p>“Mwen konnen ke <math>3 \times 3 = 9</math> epi <math>1 \times 3 = 3</math>, ebyen <math>4 \times 3 = 12</math>. si <math>4 \times 3 = 12</math>, alò <math>12 \div 3 = 4</math>.”</p>	



**Objektif Enstriktif:** Konprann relasyon ant miltiplikasyon ak divizyon epi detèmine chif enkonni nan yon ekwasyon miltiplikasyon ak divizyon.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
$18 \div \square = 6$	$18 \div \square = 6$ $6 \times 3 = 18$ $18 \div 3 = 6$ <p>“Mwen konnen ke 18 divize pa yon chif egal a 6 se menm bagay avèk 6 miltipliye pa yon chif egal a 18. Mwen konnen ke <math>6 \times 3 = 18</math>, donk <math>18 \div 3 = 6</math>.”</p>

**Objektif Enstriktif:** Elèv pral retni tout tab multiplikasyon nan memwa yo epi itilize tab divizyon fasilman.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
Kisa $9 \times 4$ bay?	

**Objektif Enstriktif:** Di epi ekri lè pi prè minit.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
Ki lè li ye la? 	Li 10:19. 

**Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif:** Rekonèt modèl epi itilize yo pou rezoud pwoblèm.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte elèv ou nan tout inite etid sa:

### Ki lè l fè koulye a?

Nan inite etid sa, elèv ap aprann pou bay lè pi prè minit. Lakay, ou kapab travay avèk elèv ou sou bay lè. Gade si elèv ou kapap di w ki lè li ye nan divès tan pandan jounen an.



### Pratike tab multiplikasyon

Kreye yon kat flache sou multiplikasyon a yon sèl chif avèk elèv ou pou fè pratik lakay. Fè elèv ou klase kat yo pa pil "tab mwen konnen" ak "tab mwen bezwen travay sou yo".

### Diskisyon sou devwa

Sipòte elèv ou konplete devwa yo. Pale sou devwa ansanm. Mande elèv ou ki sa li panse sou pwoblèm yo epi fè l pataje estrateji li itilize pou l fè devwa a. Li enpòtan pou elèv konprann matematik ke y ap fè epi pou yo kapab kominike panse yo oralman e an ekri.